

16 mas 2020

Chè Fanmi,

Nou tout ap viv nan yon peryod san parèy pandan n ap travay pou kenbe kominote nou yo an sekirite ak an sante anfas viris Coronavirus la. Nouyòkè vin fe pati plizyè milyon vil, eta, ak nasyon atravè mond lan k ap konfwonte desizyon nou potko janm fè fas avèk yo avan - epi petèt desizyon nou pat janm imagine nou t ap oblije pran.

Bò kote pa nou nan Nouyòk, Majistra de Blasio ak mwen te klè ke nenpòt chanjman nou fè nan sistèm lekòl nou an, kòm nou konnen sa, t ap yon mezi ekstrèm-yon dènye rekou. Nou t ap suiv epidemi an nan Vil Nouyòk jou pa jou, lè pa lè, minit pa minit. Nan fen semèn lan, li te vin klè ke kontinye edikasyon piblik nan bilding lekòl nou yo, se pa yon bagay nou ka fè ankò pou kounye a.

Dimanch, nou te anonse ke pou pwochen twa semèn edemi yo, nou pral fè yon modèl aprantisaj adistans ann atandan, pandan nou pwojete pou reouvri bilding lekòl yo nan semèn 20 avril 2020 an. Mwen konnen sa ka parèt brid-sou-kou pou ou, epi li ka koze deranjman nan lavi ou. Nou pran angajman pou nou gen kominikasyon ki konsistan epi ki klè avèk ou pandan tout peryòd tan sa a, ak yon konpreyansyon klè sou sa ki pral rive.

Anons nou an jodi a vle di ke lendi 16 Mas bilding lekòl yo fèmen epi elèv yo pa pral lekòl. Sepandan, elèv yo ak fanmi yo ka vin chèche medikaman oswa resevwa nenpòt sèvis medikal estanda ant Madi ak Jedi, pandan lè lekòl regilye; enfimyè lekòl yo ak anplwaye sant sante ki baze nan lekòl yo ap la. Pandan tan sa a, pwofesè dwe rapòte yo nan bilding yo pou resevwa devlopman pwofesyonèl pandan tout jounen an sou aprantisaj adistans.

Pita nan semèn nan, elèv yo ap kòmanse vin chèche materyèl, ki gen ladan teknoloji pou yo patisipe nan aprantisaj adistans lan lè sa nesesè. N ap pataje plis konsèy sou tout bagay sa yo avèk ou nan de pwochen jou kap vini yo. Pandan tout semèn sa a, gen manje maten pran-epi-ale (grab-and-go) k ap disponib nan antre chak bilding lekòl soti nan 7:30 AM – 1:30 PM. Nenpòt elèv ka vin chèche manje maten ak manje midi nan nenpòt bilding lekòl.

Lendi 23 mas, nou pral ouvri plizyè douzèn Sant Ranfosman Rejyonal atravè Vil la, pou sèvi timoun premye sekouris Vil nou an, travayè swen sante, travayè transpò piblik, ak popilasyon ki pi vilnerab nou yo.

Lendi sa a, nou pral lanse tou aprantisaj adistans pou klas K-12. Mwen gen tout konfyans nan edikatè Vil Nouyok yo epi mwen konnen yo alawotè, epi y ap mete menm pasyon an pou bay enstriksyon kalite siperyè adistans jan yo fè nan salklas la. Nou konnen nou gen anplwaye lekòl ki pi devwe yo: pwofesè, gadyen, administratè, ak espesyalman travayè manje lekòl yo ki pral kontinye travay pandan tan sa a kòm yon pati nan yon pwogram manje pou tout vil la. Plis enfòmasyon sou lansman pwogram sa a pral vini apre.

Mwen vle klè ke sa a se pa yon fèmti, men se yon tranzisyon. Nou pa pral bese atant nou pou elèv nou yo. Nou konnen yo vrèman vle aprann epi n ap reponn kiryozi yo ak pasyon yo avèk materyèl pou travay-lakay, tankou distribisyon aparèy ki pral sipòte modèl ansèyman adistans nou an.

Deja genyen resous enstwiksyon ki disponib pou chak nivo klas nan chak matyè nan schools.nyc.gov/learnathome.

Nou konnen sa a se yon moman difisil, epi n ap travay di pou asire ke vil nou an kontinye sipòte fanmi nan tout fason nou kapab. Mwen vle asire fanmi n ap travay pou fè tranzisyon fèt avèk mwens pwoblèm posib.

Kounye a se moman pou nou mete ansanm pou fè sa ki pi bon pou sante ak sekirite tout Nouyòkè. Nou avèk ou, se patnè nan edikasyon nan pi gwo vil nan mond lan. Nou gen elèv, edikatè, ak anplwaye ki gen plis talan nan mond lan, - epi pa gen anyen k ap janm chanje sa.

Nou pral kontinye kominike avèk ou nan jou kap vini yo, epi nou ankouraje w pou ale sou sit entènèt nou an nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/coronavirus-update> pou jwenn plis enfòmasyon ak nouvèl ki ajou sou tranzisyon sa a.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman edikasyon Vil Nouyòk